

**KONSANTMAN POU
OPERASYON
CHIRIJIKAL AK MEDIKAL**

Consent in Creole for Surgical and Medical Procedures

Non Pasyan-an _____

Mwen bay Dr. _____ otorizasyon pou li fè operasyon sila-a

(Tanpri ekri an lèt cletache oswa tape): _____

Operasyon/Pwosedè

Doktè-mwen esplike-mwen nati ak bi operasyon ki make anlè-a epi li kite m' konnen ki konplikasyon, risk, ak avantaj ki gen dwa genyen. Li te pale avèk mwen de lòt opsyon mwen genyen alapas pwosedè oswa tretman sa-a, sa enkli opsyon mwen genyen pou mwen pa sibi ankenn operasyon oswa tretman ditou. Mwen konprann ke panclan y'ap fè operasyon oswa pwosedè sa-a, gen bagay ki gen dwa rive ke yo pat prevwa epi ki gen dwa mande pou yo fè operasyon ke yo pat planifye. Mwen dakò pou yo fè nenpòt ki lòt operasyon ke doktè mwen oswa asosye li-yo panse ki nesèsè oswa rekòmandab epi mwen dakò pou yo trete-mwen pou tout kondisyon sa-yo.

Mwen dakò pou yo pran foto oswa anrejistre operasyon-yo, sa enkli pati nan kò (pasyan-an) mwen pou kòz medikal oswa edikatif, depi ke yo pa revele idantite (pasyan-an) mwen nan foto-yo oswa nan tèks k'ap dekri foto-yo. Mwen dakò tou pou gen moun ki la k'ap gade nan sal operasyon-an pou vin pi save nan sa y'ap etidye-a, depi gen moun pou bayo asistans teknik epi depi gen bonjan teknoloji medikal. Mwen konprann tou ke sa gen dwa rive pafwa ke reprezantan konpayi materyèl medikal-yo prezan pou obsève oswa bay asistans teknik. Mwen konprann ke doktè rezidan oswa lòt pratisyen ki lisansye men ki pa doktè gen dwa patisipe nan operasyon/pwosedè-a, anba sipèvizyon doktè mwen.

Mwen konprann ke Lopital-la gen dwa egzamine epi kenbe ògan ak tisi yo retire panclan chiriji-a pou kòz medikal, syantifik oswa edikatif, epi ke y'ap jete echantiyon sa-yo selon pratik abityèl-yo oswa jan lalwa mande li-a.

Mwen konnen ke pratik lamedsin ak chiriji se pa yon syans egzakt epi mwen rekonèt ke pa gen garanti pou operasyon sa-a ni pou okenn lòt operasyon.

Mwen konprann ke panclan operasyon-an epi panclan peryòd retablisman ki vin touswit apre-a, y'ap fè tout sa yo kapab pou yo kenbe m' an vi si sa vin nesèsè, menm si Direksyon Avanse mwen-yo di pou yo pa resisite mwen.

Transfizyon San ak lòt Konpozan

Pou pwosedè kote moun pèdi anpil san epi ki gen dwa mande yon transfizyon panclan operasyon-an epi/oswa touswit apre operasyon-an, doktè mwen fè m' konnen ki risk ak avantaj ki genyen nan zafè resevwa transfizyon/konpozan san. Yo esplike m' risk ak avantaj ki genyen nan resevwa transfizyon/konpozan san epi mwen konprann ke risk sa-yo egziste malgre yo teste san-an. Yo esplike m'tou ki lòt opsyon mwen genyen, sa enkli risk ki genyen si yo pa ban m'san.

Mwen li epi mwen konprann fòm sa-a trè byen. Mwen te gen opòtinite pou mwen poze keksyon, epi yo reponn tout keksyon mwen- yo yon manyè ki te satisfè mwen.

Siyati Pasyan-an (Moun Fanmi ki Pi Pre-a oswa Reprezantan Legal)

Non an Lèt Detache

Relasyon legal si se pa pasyan-an

Temwen: Siyati

Ekri Non Temwen-an an Lèt Detache

Dat

Physician's statement

I hereby certify that the nature purpose, benefits, risks of and alternatives to the proposed procedure/operation/transfusion have been explained and that the patient has had the opportunity to ask any questions and these were answered to the patient's satisfaction. I am satisfied that the patient or the patient's representative understands what has been explained and an informed consent has been provided.

Physician Signature

Date

GADE PAJ 2 POU: Otorizasyon nan ka l'jans, Konsantman pa telefòn